Къэзахстаным къыздраха текIуэныгъэ

2-нэ нап.

Кубокыр Псынэдахэ яхь

3-нэ нап.

Гъуаздджэм и дунейм щогъагъэ

4-нэ нап.

Гъэмахуэр ирагъэжьэж

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИIЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№109 (24.703) ● 2024 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Ди къэкIуэнур куэдкIэ елъытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фокIадэм и 8-м Iэ щIIэтащ Налшык къалэ дэт 1-нэ гимназием къыщыIэзрагъэпэща хэхьилIэ № 123-м. УнафэщIыр и щхьэгъусэм и гъусэу къыдэкIащ, я къалэныр зэфIагъэкIыну.

ЖУРНАЛИСТХЭМ я упщIэхэм жэуап щаритым КIуэкIуэ Казбек жиIащ гукъыдэж ин иIэу махуэшхуэм зэрыхэтыр, ди къэкIуэнум дежкIэ мы хэхьиныгъэхэм мыхьэнэ зэраIэр.

- ЯпэрауэI, гукъыдэж диIэу дыкъыдэкIащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нобэрей махуэм ди къэкIуэнур куэдкIэ елъытащ. КъБР-м и Парламентым сехьуэхьуну сыхуейщ дяпэкIэ абы щыIэхуэсыну политикэ къарухэр, партхэр зэгурыIуэу зэдзлажьэну. Политикэ епIыкIэ эмыщхь зэраIэм емыльытауэ, си фIэщ мэхъу абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри КъэбэрдейБалъкъэрым и зыужьныгъэм зэрыхуэлажьэнур. Ящ1эм фIы къыпэкIуэу, жыларуэм я гуныкIуэгъуэхэр зэфIахыу, ди цIыхуэр зыкуэныкъуэхэм теухуауэ унафэ къащтэфрэ ягъэзэщIафу зэрызэдэлажьэнум щэч къытесхьэркъым.

Жылагъуэ-политикэ Iуэху ин

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэIуаха хэхьилIэ № 147-м и щхьэгъусэм и гъусэу Iэ щIэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ. Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым абы къыхуигъэщащ жылагъуэ-политикэ Iуэху ин республикэм зэрыщекIуэкIыр.

- ДЭ фIыуэ къыдгуроIуэ иджыпсту дыззэрыт щытыкIэм теухуауэ Парламентым и зэхуэсыгъэщIэм хэтынухэм къалэн куэд я пщэ къызэрыдэхуэнур. Абы къыхэкIыу, Парламентым хэтын хуейкэр щIэныгъэ зыбгъэдэль, гъащIэм и пIалъэ зыщIэ, къыгпэщылъ лэжьыгъэм и мыхьэнэр къызыгурыIуэ, абы къыкIуэнумкIэ жэуаплныгъэ зыхь, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм я къэкIуэнум гуузэ-лыуэ хузиIэ защIэщ.

А пэрои къагурыIуэу, дэтхэнэ зыри хэхьилIэхэм къекIуалIэу, кандидатурэр егупсысауэ къыхахыну сыхуейт.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1аIпIэ.

IэIэтым кърикIуар

КъБР-м и ХэхакIуэкомиссэмдыгуаесэкъыщыIэзщIакъуэжащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я бланэ зэхуэсыгъуэм и хэхьиныгъэхэм кърикIуар. ЗэIущIэм щIэсащ республикэм и хэхакIуэ комиссэм хэтхэр, политикэ партхэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI **Джэш Вячеслав** зэIущIэр къыщызэIуихым, республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм фIыщIэ яхуищIащ, хэхьиныгъэхэм жыджэру зэрыхэтам, зэрытетхыхьам папщIэ. «УФ-м и президент хэхьиныгъэхэр щекIуэкIами фи IажьыгъэмфызэрыхуэIэижьымрэ фызэрыхуэпэжьымрэ, апхуэдуэри жэуаплныгъэ зэрыфхэлъыр нэрылъагъу къэфщIауэ щытащ икIи адрей щIыналъхэм фIыкIэ дакъыхэщу къэралым и къэкIуэнур зэлъыта Iуэхур республикэм екIуэрэ-ещхьу щызэфIэкIат. Гу лъытапхъэщ, мы депутат хэхьиныгъэхэри ныкъусаныгъэншэу зэредгъэкIуэкIар», - жиIащ Джэшым.

Абы дыщIигъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я хэхьиныгъэхэм теухуауэ» щIыналъэ закон №5-мрэ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и протоколымрэ япкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и бланэ зэхуэсыгъэм и депутатхэм я хэхьиныгъэхэр зэрызэхуащIыжар, республикэм и хабзэубзыху Iэхэущ1аIпIэм депутат 70 зэрыхагъэхьар.

Псори зэхэту хэхакIуэ цIыху 400 961-м Iэ я1этащ. Бжьыгъэ нэхъыбэ дыдэр «Урысей зэкъуэт» партым къихьащ - абы щхьэкIэ Iэ я1этащ цIыху 263 455-м (мандат 50 кIыIэрыхьащ). EтIуанэ увыпIэр иныгъщ КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм - хэхакIуэ 51 713-м Iэ я1этащ (мандату 9 иIэщ). «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым папщIэ цIыху 41 619-м Iэ я1этащ икIи мандати 7 къылъысащ. ЛДПР-м и щIыналъэ мандатэмрэ «ЩхъуантIэхэр» партымрэ мандат тIурытI я1этащ, япэм щхьэкIэ цIыху 20 351-м, етIуанэм щхьэкIэ - цIыху 20 295-м Iэ я1этащ.

Бжьыгъэ нэхъ мащIэ дыдэ зэхуэзыхьэсар «Новые люди» партырщ. Абы цIыху 3026-м Iэ хуяIэтауэ араща (мандат иIэхъым).

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Пащты Борис** КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм фIыщIащ хэхьиныгъэхэм зыщIыхуагъэхьэзырым зэпымыууэ зэрадэIэпыкъуам папщIэ. «Псоми къыздаIыгъыну къыщIэкIынущ, КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм лэжьыгъэ купщIафэ иригъэкIуэкIащ жысIэмэ. Политикэ партхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр зэхуэмыдэми, дэтхэнэми и мурадыр зыхуэгъэзар республикэр зэрефIэкIуэну лэжьыгъэхэращ, ди цIыхуэхэм я псэукIэр зэIуэпэщ щIыныр», - къыхэгъэщащ Пащтым.

ЛДПР-м и фракцэм и унафэщI **Безгодькэ Владимир** жиIащ адэкIи республикэм и зыужьныгъэм зэрытелажьэнур. «КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм къызыхуэтыншэу икIи ныкъусаныгъэншэу къызэригъэпэщащ хэхьиныгъэхэр. Абы кърикIуамкIэ дыарэзыщ, екъуIэныгъэфIкэр щIыналъэм къыхуэхуIуну ди гуапэщ», - жиIащ абы.

Джэш Вячеслав къызэхуэсахэм яжриIащ къыкIэлъыкIуэ хэхьиныгъэхэр (УФ-м и Къэрал Думэм и депутат хэхьиныгъэхэмрэ муниципальнэ Iэнатlэмрэ) щекIуэкIыну 2026 гъэр зэрыарар.

КЪАНШЫУЕЙ Мэлчыпхъу.

Ди къэкIуэнур куэдкIэ елъытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фокIадэм и 8-м Iэ щIэтащ Налшык къалэ дэт 1-нэ гимназием къыщыIэзрагъэпэща хэхьилIэ № 123-м. УнафэщIыр и щхьэгъусэм и гъусэу къыдэкIащ, я къалэныр зэфIагъэкIыну.

ЖУРНАЛИСТХЭМ я упщIэхэм жэуап щаритым КIуэкIуэ Казбек жиIащ гукъыдэж ин иIэу махуэшхуэм зэрыхэтыр, ди къэкIуэнум дежкIэ мы хэхьиныгъэхэм мыхьэнэ зэраIэр.

- ЯпэрауэI, гукъыдэж диIэу дыкъыдэкIащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нобэрей махуэм ди къэкIуэнур куэдкIэ елъытащ. КъБР-м и Парламентым сехьуэхьуну сыхуейщ дяпэкIэ абы щыIэхуэсыну политикэ къарухэр, партхэр зэгурыIуэу зэдзлажьэну. Политикэ епIыкIэ эмыщхь зэраIэм емыльытауэ, си фIэщ мэхъу абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри КъэбэрдейБалъкъэрым и зыужьныгъэм зэрыхуэлажьэнур. Ящ1эм фIы къыпэкIуэу, жыларуэм я гуныкIуэгъуэхэр зэфIахыу, ди цIыхуэхэр зыкуэныкъуэхэм теухуауэ унафэ къащтэфрэ ягъэзэщIафу зэрызэдэлажьэнум щэч къытесхьэркъым.

Ныкъусаныгъэншэу, хабзэм тету

Къэбэрдей-Балъкъэрым фокIадэм и 8-м сыхьэтийм къыщыщIэдзауэ 20 хуэху хэхьилIэу 355-рэ щылэжьащ. ЦIыхуэхэм Iэ я1этащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я бланэ зэхуэсыгъуэм хэтынуэхэм папщIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэубзыху Iуэхущ1аIпIэм и депутату 70 лэжьэну хахащ, зыкъэзыгъэлъэгъуахэр 300-м щIигурт. Ахэр «Урысей зэкъуэт», КПРФ, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Хэкупсэкэр - Пэжагъым и телъхьэу», ЛДПР, «Новые люди», «ЩхъуантIэхэр» партхэм я лIыкIуэхэщ.

Хэхьиныгъэхэр зэрекIуэкIым я нэIэ тетащ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ 1700-м нэблагъэ. Щэч хэмылъу, хэхьиныгъэхэр ныкъусаныгъэншэу екIуэкIыным абыхэми куэд елъытащ. Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэу щытахэм яхэтащ нэхъыжьи нэхъыщIи, Iэщ1агъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэхэри: егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр, хъарычатыщIэхэр, волонтёрхэр, студентхэр. Ахэр мазэкIэ хагъэхьуэзащ я къалэнхэр зыхуэдэнымрэ зэрагъэзэщIэнымрэ икIи республикэм и район 13-ми щылэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэ щ1этащ илъэс зыбжанэ ипэкIэ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм къиIэпхъуакIэхэм, СВО-м хэтхэмрэ и ветеранхэмри. Аруан районым и хэхьилIэ №283-м Iэ щIиэтащ ЛIыхъужьныгъэм и орден зыхуагъэфэща, СВО-м хэт Хъэвэщ1ыкIэ Аэзмэт. Хэхьиныгъэхэм хэтащ дзэ Iуэхуэхм я ветеран, СВО-м хэт Капитанов Олег и унагъуэр и гъусэу, СВО-м и ветеран Шевчук Герман.

Налшык къалэм и хэхьилIэ №120-м (Кулиевым и цIэр зезыхьэ къалэ библиотекэм) Iэ1этыр ныкъусаныгъэншэу щекIуэкIащ. ХэхьилIэм и унафэщI **Логиевэ Эммэ** къызэрыджиIамкIэ, цIыхуэхэр зэхащIащ дзэ Iуэхуэхм я ветеран, СВО-м хэт Капитанов Олег и унагъуэр и гъусэу, СВО-м и ветеран Шевчук Герман.

Налшык къалэм и хэхьилIэ №120-м (Кулиевым и цIэр зезыхьэ къалэ библиотекэм) Iэ1этыр ныкъусаныгъэншэу щекIуэкIащ. ХэхьилIэм и унафэщI **Логиевэ Эммэ** къызэрыджиIамкIэ, цIыхуэхэр зэхащIащ дзэ Iуэхуэхм я ветеран, СВО-м хэт Капитанов Олег и унагъуэр и гъусэу, СВО-м и ветеран Шевчук Герман.

Налшык къалэм и хэхьилIэ №125-м, УФ-м и Федеральнэ налог Iэнатlэм и инспекцэ №1-м и унэм къыщыззрагъэпэщам, и япэ хэхакIуэм саугъэтхэр хуагъэфэщащ.

Хэхьилlэм и унафэщI **Хочуев Валериан** зэрыжиIамкIэ, ар я хабзэ дахэщ: псалъэ гуапэхэмрэ тыгъэхэмкIэ ягъэгушхуэ япэу Iэ зыIэтхэмрэ зи ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхахэмрэ.

Мы хэхьилIэм, адрейхэми хуэдэу, цIыхуэхэр махуэ псом жыджэру екIуэлIащ.

«Ди хэхьилIэм къызэщIиубыдэ хэхакIуэхэм я нэхъыбэр унэ лъапсэ щхьэхуэ зиIэхэщ. Апхуэдэу Нэгумэм и уэрамым тет, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я япэ къатхэр тыкуэнщ е щхапIэщи, Iэ зыIэтыныхэр етIуанэ къатым къыщыщIэдзауэт щыпсэур. Ауэ, абыи емыльытауэ, цIыхуэхэр ди куэду щытащ», - дыщIигъуащ хэхьилIэм и унафэщIым. Къыхэгъэщыпхъэщ мы хэхьилIэм бюллетенхэр къызэрабжьым Iэмэпсымэхэр зэраIэри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗэхъуэкIыныгъэфIхэм я къежьапIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фокIадэм и 8-м хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ дыдэу щекIуэкIа, «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» урысейпсо зэхьэзэхуэм и кIэух зэпеуэм епха дауэдапщэм.

УРЫСЕЙМ щыщ щIыналъэхэу Кавказ Ищхъэрэм, Ищхъэ округым, Индыл Iофэм, Донецк, Луганск республикэхэм зэхьэзэхуэм хэтыну къикIахэмрэ ар зэзыгъэпэщахэмрэ фIэхъус гуапэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэм икIи дэтхэнэ зыми екъуIэныгъэ зыIэригъэхьэну екъуэхьуащ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» урысейпсо зэхьэзэхуэр «Урысейм псоми зэхуэдэ Iэмал ярет» президент къудамэм хохьэ икIи «Тэрытхэм я зэщIэхъуеныгъэмрэ» «Урысей щIалэгъуалэмрэ» я проект пажзу щытщ. Урысейм щыщ школакIуэхэмрэ курыт Iэщ1агъэ зэзыгъэгъуэт студентхэмрэ нэхъыбэ дыдэу зыихэт зэхьэзэхуэ хуауэ ар. Къэралым ЕгъэджэныгъэмкIэ, Щ1эныгъэмрэ щ1эныгъэ нэхъыщхьэ етыныкIэ и министерствэхэм я нэIэ щ1эт а зэхьэзэхуэр «Урысейм и цIыхуэхэр зэкъуэгъуэсэн» къэрал проектымрэ «Щ1эныгъэ» цIыхубэ проектымрэ я Iыхьэу щытщ.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек хуэзащ Налшык щIыIэ, «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» зэзгъэхьэныгъэм и унафэщI Мандровэ Наталие. Щ1алэгъуалэм я инфраструктурэм дяпэкIи зегъэужьыныкIэ, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я гупыжхэр ядэIэбгъэныкIэ, унагъуэм и лъапIэныгъэхэр хъумэныкIэ, «Iуащхьэмахуэ» корпоративнэ университетым дэлажьэныкIэ дяпэкIи Iуэхуфlхэр къызэрызэдаIэтыпхъэм тепсэлъыхьащ з1ыщIащхэр.

КIуэкIуэ Казбек Мандровэ Наталие фIыщIэ хуищIащ «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» зэхьэзэхуэм и иужьрей Iыхьэр ди республикэм дзыхь къыхуащIу, Налшык зэрыщрагъэкIуэкIам икIи ар екIуу къызэрызэрагъэпэщам щхьэкIэ. «Щэч къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыри мызэ-мытIэу лъэпкъыбзу зэхэт ди къэралым и щIыналъэ куэдым къикIа щ1алэгъуалэм я зэхуэзащIэ зэрыхъунум, абы къыхэкIыу, нобэ къыдэхъуIагъэ къэкIуэну зэIущIэхэми къыщыщхьэпэнущ», - щэтх КIуэкIуэ Казбек и телеграм- каналым.

Шыгъажэшхуэм и махуэт

ФокIадэм и 6 - 7-хэм Налшык къалэм шыгъажэшхуэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми щыщ шы лъэпкъыифIхэр, шууей лъэщ дыдэхэм къагъажэу. Псори зэхэту махуитIым шыгъажэпIэм щагъэджэгуащ сом мелуан 58-рэ.

УФ-м и шыгъажэм и тхыдэм щыяпэу япэ махуэм шууейхэр щIэбэнащ ахъшэ сэугъэту сом мелуан 17-м. Ар щагъэуващ Дерби урысейпсо Саугъэтышхуэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэм. Абы щхьэкIэ шууейхэм къызэпачащ километри 2,4-рэ гъуэгуанэр. Мыбдежым япэ къэсащ икIи саугъэтыр къихьащ Мамуров Мирбэч, Краснодар крайм и «Шы завод 771»-м илъэсищ хьу и инджылъз шы лъэпкъыфI Тэп Лидерым тесу.

Саугъэтыр текIуам ираща Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуащхьэ КIуэкIуэ Казбек. «Шыр фIыуэ лъагъуныр ди тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыгъэхьIэ зимыIэ я зы Iыхьэщ. Иджыри зэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт «Россипподром»-мрэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ, Налшык и шыгъэжапIэр къызэрагъэщIэрэщIэжам папщIэ. Шэчи къытесхьэркъым а щIадзам, мыхьэнэщхуэ зиIэ Iуэхугъуэм, адэкIи къызэрыпащэнум», - жиIащ республикэм и лIыщхьэм.

ИужькIэ ягъэджэгуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и саугъэтыр - сом мелуани 2,5-рэ хъур. Ар къихьащ ШыгъушэАйдэмыр, и инджылъз шы лъэпкъыфI Мэджик Бойм тесу. Шыр зейр Мэкъумэш-фермер хозяйствэм и унафэщI Краснокутский Юрэщ.

Псори зэхэту япэ махуэм шыгъажэу 8 ирагъэкIуэкIащ. Япэреитым нэмыщI, шууейхэр иджыри щIэбэнащ шы лъэпкъыфIхэр къэзыгъэхъу шы заводхэм, Саугъэтышхуэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я щIыхькIэ ягъэувам, КъБР-м и саугъэтым, Критериум, Мэзкуу къалэм я саугъэт цIыхэхуэхэм.

EтIуанэ махуэм шыгъажэу 9 ирагъэкIуэкIащ икIи абы щагъэджэгуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и саугъэтыр - сом мелуани 5-р, Iуащхьэмахуэ и Кубокыр - сом мелуани 3-р. Абы нэмыщI, шуейхэр щIэбэнащ Налшык и шыгъэжапIэр илъэс 85-рэ зэрырикъуам, Налшык къалэ илъэс 300 зэрырикъуам, Налшык и Дербишхуэм я саугъэтхэм, нэгъэщIэхэми.

Шыгъажэр махуитIми ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупэхэмрэ.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Хэхыныгъэхэр щІыналъэм щызэхэтащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэм я хэхыныгъэхэр пщыдджыжьым сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ щекІуэкІащ щІыналъэм и район, къалэ псоми.

КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм и секретарым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Бекъан Заур зэрыжиІэмкІэ, щыху мин 600-м нэблагъэм Імал яІащ хэхыныгъэхэм хэтыну. ЩхьэусыгІуэз хэха зиІэу хэхыпІэхэм емыкІуэлІофхэм, къэбгъэльагъуэмэ, зи узынщагъэм къимыхьхэм, я деж кІуащ.

* * *

КЪР-м и Парламентым и депутатхэм я хэхыныгъэхэр Налшык къалэм и курыт еджапІэ №10-м къыщызэрагъэпэща хэхыпІэ №134-м ныкъусаныгъэншэу щекІуэкІащ.

ІУЭХУР ирагъэжьащ УФ-м и Гимныр ягъэзащІэу. ЦыкІубэ кІэлъыплъакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, хэхыныгъэхэм цыхуцхуэ екІуэлІащ. ЩІыналъэм исхэр Іуэхум жыджэру зэрыхэтар щыхьэт тохъуэ я пщдейр убзыхуным гудзакъэ зэрыхуаІэм. Нэхъыщхьэращи, ныкъусаныгъэншэу псори къызэрагъэпэщащ.

Хэхыпіэм и секретарь Къантемыр Маринэ зэрыжиІамкІэ, жэуапльныгъэ, политикэ Іуэхум и мыхьэнэр зыхащІэу, къапэплъэ зэхъуэкІыныгъэхэм техуэ гугъэфІкэр яІэу цІыхухэр жыджэру ІэІэтым хэтащ. Нэхъыжьыфіхэри, хэхыныгъэхэр гугъэфІхэм уахуэзыгъапльэу зэрыщытыр зыщамыгъэгъупщэу зэхьыхьэм къызэрекІуэлІам папщІэ фІыщІэ яхуэфащэщ.

* * *

Налшык къалэм и хэхыпІэ №158-м, Профсоюзхэм я Федерацэм и унэм къыщызэрагъэпэщам, ІэІэтыр щекІуэкІащ ветеранхэм я «Эстафета» хорым игъэзащІэ макъамэм щІэту.

ХЭЖПІЭМ и секретарь Бэгъуэт Хьэмидбий зэрыжиІэмкІэ, ящэ мыбы къекІуэлІар щІэблэм я гъуэгугъэлъагъуэхрц - лэжьыгъэм и ветеранхэрц.

- Ди хэхыпІэм зэпымыууэ цІыхухэр щызэхуос. КъызэрытлытэмкІэ, ар зи фІыгъэр Іуэхум къызыхэтыншэу зэрызыхэдгъэхэзырац. Іуэху бгъэдыдэкІэхэмкІэ дызохъуажэ, нэхъ тэмэму егъэкІуэкІа зэрыхъунымкІэ дызохэнджэш, нэгуэзыужь программи къызыдогъэпэщ. «Эстафета» хорым хэхакІуэхэм я нэгу зрагъэужьащ, уэс кьеджэу, уэрэдхэр жаІэу, - къыхиГъащащ Бэгъуэтым. - Хэхыныгъэм хэтахэр ІэІэт нэужьым фІыуэ яІъагъу уэрэдхэм едэІуащ, уеблэмэ языныкъуэхэр дежьуу?.

Хэхыныгъэр шынагъуэншэу икІи ныкъусаныгъэншэу зэфІэкІащ. Абы кІэрикІуэхэр зэхалъхьэж.

* * *

«Налшык» санаторэм къыщызэрагъэпэща хэхыпІэ №103-м щыхуэм концертКІэ щаІущІащ икІи ахэр лъэпкъ шхыныгъуэхэмкІэ ягъэхьэщІащ.

КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм хъыбар кьызэрыдиГъэщІамкІэ, хэхыпІэ №103-м щыхуэм ящыгъу екІуэлІащ, Іуэхур ныкъусаныгъэншэу щрагъэгъэкІуэкІащ. Гу зэрыльагащи, нэхъыбэу ІэІэтым хэтар зи ныбжь хэкІуэтахэрщ. Апхуэдэу Іуэхум жыджэру хэтащ Палестинэм щекІуэкІ зауэм зи щхьэ кьыхэзыха, мы зэманым зыгъэпсэхуПІэм щыІэ ди лъэпкъэгъуэхэри. КьекІуэлІахэр ирагъэплъащ лъэпкъ шхыныгъуэхэм я Іофыгъэшь. Кьызэгъэпэщащ кІуэхэм фІыщІэ хуащІащ цІыхубэ кІэлъыплъакІуэхэм, хэхакІуэхэм я нэгу зезыгъэужьа артистхэм, «Родник» къэзакъ хорым.

* * *

КЪР-м и Кинокомитет гъэлъэгъуапІэм къыщызэрагъэпэща хэхыпІэ №163-м ІэІэтыр щекІуэкІащ оркестрым и макъамэм щІэту.

МЫ ХЭХЫПІЭМ екІуэлІахэм щаІущІащ Налшык къалэм щэнхабзэ, зыгъэпсэхуПІэ паркым и эстрадэ-духовой оркестрым игъэзащІэ макъамэ цІэрыІуэхэмкІэ.

Хэхыпіэм и кьэпщыгакІуэ гупым и секретарь Мэкъуауэ Алим зэрыжиІамкІэ, Іуэхур хабзэм тету екІуэкІащ.

- Хэхыпіэм цІыхушхуэ кьекІуэлІащ. Оркестрым игъэзащІэ макъамэм, дауи, цІыхухэм я гукъыдэжым хигъэхъуащ, - жиІащ Мэкъуауэм. - Комиссэм хэтхэр Іуэху зэІуменІэ щриІэкІэ къэхъуами, ар техникэ и лъэныкъуэкІэт - щыпсэу щІыпІэр мытэмэму ятхуэу ар зэрахъуэкІыжын е апхуэдэ нэгъуэщІ щыуагъэ къызэрыгуэкІщ.

Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм и пэущІэ пэшым дежь щагъэуват хэхакІуэхэм сурэтхэр щызытрагъэх хъуну пліанэпи.

* * *

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэм я хэхыныгъэхэм Лескэн щІыналъэм щыпсэухэри жыджэру хэтащ.

АБы хэхыпІэ 11 кьыщызэрагъэпэщат. ЩІыпІэм хэхыныгъэхэм хэтыну хуитыныгъэ яІэу цІыху мин 18 ятхат. Пщыдджыжьым сыхьэти 8-м кьыщыщІэдзауэ нэхъыжьхэри, щІалэгъуалэри, дзэ Іуэху хэкам и ветеранхэри Іуэхум хэтащ, я къэкІуэнур яхэлъ жэуапльныгъэмрэ Іэлэтым кърикІуэнымрэ зэрелъытар зыхащІэу. ЩІыналъэм щыпсэу нэхъыжьыфІхэмэ псом хуэмыдэу, Іуэхум хэжнабдзэгъуБдзапльэу я къалэныр зэрагъэзащІар гущІэблэм щапхъэ яхуэхъуу. Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм я нэІэ тетащ хэхыныгъэм и хабзэхэр къызэпамыдыным. Абыкіэ сэбэп хуэщІ Іуэхущ Іапіэхэм видеокамерхэр зэрыщагъэувари.

* * *

Шэджэм щІыналъэм хэхыпІэ 20 кьыщызэрагъэпэщат. Абыхэм цІыху мин 41-м Іэ щаІэтыну Іэмал яІащ.

ЦІЫХУБЭ кІэлъыплъакІуэ 57-м я нэІэ тетащ Іуэхур зэрекІуэкІым. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм къыщызэрагъэпэщат хэхыпІэ №307-р. Шэджэм щІыналъэм Физкультурэмкіэ, спортымрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ и управленэм Іуэхум ирихьэлІэу спорт зэхьэзэхуэхэр зэхьыпІэжьхьэу зэхиублащ. ХэхакІуэхэр Іэлэтым хэтым и мызакъуэу, спортунэтІыныгъэхэмкІэ зэпеуэхэми я зэфІэкІ щеплъыжащ. КъищынэмыщІауэ, щІыналъэм и школхэм футболымрэ волейболымкІэ зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІащ.

Хэхыпіэ №327-ми, Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм и курыт еджапІэ №3-м пэмыжьыжьу къызэрагъэпэщащ, щыхуэмыз щызэхэсащ. Хэхакіуэхэм папщІэ абыи ягъэзыужь программэ щагъэхьэзырац. ЩІыпІэм и къэфакІуэ ныжьыщІэхэм зэхьихьэ щхьэпэр нэхъри гукъинэж ящІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Къэзахъстаным иджыблагъэ щекІуэкІащ километр 500 зи кІыхьагъ Дунейпсо шыгъажь. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа гупым абы яп э увыпІэр къыщахьащ. КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым а хъыбарыр и гуапэ зэрыхъуам щытопсэлъыхьэ.

Къэзахъстаным къыздраха текІуэныгъэ

«ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ къэрали 7-м къикІа шу гуп 17. Урысейм, Къэзахъстаным, Венгриеи, Тыркум, ЮАР-м, Ираным икІа шухэмрэ щыІэзрихьэлІат а зэхьэзэхуэм. Махуэ Іэхьед игъэса, Чумаковэ Ксение, Вахитовэ Алинэ, Елизарковэ Марие, Даниленко Маргаритэ, Кривоносов Илья сыма зыхэт гупым а шыгъажьм гур хэзыгъахьуэ текІуэныгъэ щызыІэрагъэхьащ.

Сыхьэт 27-рэ дакъикъэ 58-рэ секунд 23-рэ трагъэкІуэдащ ди гупым километр 500-р якІуным, апщІондэху псычэзыІуэну зи сыхьэтыкІэ хуэзу километр 17,87-рэ къагъэлъэгъуащ. Ауэ ипэжыпІэкІэ гъуэгуанэм километр 508,6-рэ и кІыхьагъ, абы къыхэкІыу, шыхэм я псынщІагъыр зи сыхьэтым хуэзэу километр 18,18-уэ къэлъытахъэщ. Иджыри къэс апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм кьыщагъэсыгъэфэ псынщІагъыр зы сыхьэтым хуэзэу километр 16-м фІэкІыу щытакъым.

Гурэ псэкІэ ди щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмри ахэр зыгъэзэ тренерхэми сохъуэхъу текІуэныгъэ дахэ зэрызыІэрагъэхьэфам щхьэкІэ. Дяпэкіи узынщагъэ быдэ яІэрэ ехъулІэныгъэ къызэрымыкІуэхэр къыддальагъуу Тхьэм игъэпсэу!» - щетх республикэм и Іэтащхьэм и телеграм-каналым.

ПщІэ хуащІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ ягъэльэпІащ, ехъуэхъуащ гъэзуанэ куплщафІэ къэзыкІуа, зи ныбжьыр илъэс 60 иритхъуа, прокуратурэм и ветеран Мырзэкъан Лиуан.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан Зулъкъарней и къуэр 1964 гъэм фокІадэм и 7-м къыщалъхуащ Дзэлыкъуэ районым хьхьэ Дзэлыкъуэдзэ къуажэм. 1983 гъэм ар щІэтыІсыжащ Ростов къэрал университетым и юридическэ факультетым. Ялэ курс нэужьым дзэ къулыкъум ираджащ. 1986 гъэм университетым еджэным щыпищэжащ, студент профсоюз центрым, кооперативым юристконсульт щылэжащ.

Юристым и дипломыр зыхьихьэри, 1990 гъэм абы кьиГъэззэжащ и лъахэм икІи Аруан районым и прокурорым и дэІэпыкъуэгъу, адэжІэ следователу лэжьащ.

И Іуэху зехьэкІэмрэ и Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэижьымрэ къалъытэри, 1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм следствиемкІэ, дознаниемрэ къэлъыхъуэныгъэмкІэ и кьудамэм и прокурор ящІащ, Дзэлыкъуэ районым и прокурорым и къалэнхэр игъэзэщІащ.

1977 гъэм и фокІадэм къыщыщІэдзауэ Лиуан лэжьащ республикэм и прокурорым и дэІэпыкъуэгъу нэхъыжьу, адэжІэ ягъэуващ законхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ кьудамэм и прокурору.

2006 гъэм и дыгъэгъазэм Мырзэкъанэр ягъэуващ республикэм и прокурорым цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ жылагъуэмрэ ядэлэжьныкІэ и дэІэпыкъуэгъу нэхъыжьу, кьыкІэлыкІуэу кадрэхмкІэ и дэІэпыкъуэгъу нэхъыжь хъуащ.

Мырзэкъан Лиуан Зулъкъарней и къуэм и зэфІэкІыр зыхуэдэр кьалъытэри, КЪР-м и прокуратурэм и коллегием ар игъэльэгъуащ Аруан районым и прокурор кьулыкъум ягъэувыну икІи 2010 гъэм и мэкъуауэгъуэм а Іэнатіэм лэжьыгъэм щыпищащ.

2017 гъэм и щІышылэм Лиуан ягъэуващ республикэм и прокуратурэм и уголовнэ-суд кьудамэм и прокурор нэхъыжьу, 2019 гъэм зигъэпсэхуну тІысыжащ, пенсэм кІуэри.

Мырзэкъанэм мызэ-мытІэу гулъытэ кьыхуащІащ Урысей Федерацэм и генеральнэ прокурорымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуроримрэ, куэдым зэлъащІыса щІэпэхъаджагъэхэр зэрызэхигъэкІам, прокуратурэм и зыужьныгъэм жыджэру зэрыхэтам, зыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэм, псэзэпылъхьэпІэ щытыкІэхэм зэпІэзэрыту къызэрикІыфам, Іэщ Іагъэлі нэсу зэрызыкьыщигъэлъэгъуам папщІэ.

Лиуан кьыхуагъэфэщащ «Законым хуэпэжу зэрытетым папщІэ» дамыгъэм и III нагъыщэр, КЪР-м, республикэм и Парламентым и ЩІыхь тхьылъэр, Руденко и медалыр, «Прокуратурэм и ветеран» медалыр.

Республикэм и прокуратурэм и унафэщІхэмрэ гупымрэ ехъэхъуауэ зи махуэр зыгъэльэпІэм икІи фІыщІэ хуащІащ зи щІалэгъуэ Іэщ Іагъэлі хэр гъэсэным, прокурор хабзэ нэхъыфІхэр хъумэным, гъэбэгъуэным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ.

КЪР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ аІэ.

Астемыр

Къантемыр

Аслъэн

Псэм и щытыкІэ

Дыззэкъуэту

2022 гъэм мазаем и 24-м зауэ Іуэху хэхар щІидзауэ щытащ. Абы лъандэрэ илъэситІ дэкІыжащ. Псэгуэзвэгъуэр ІубгъэкІуэтрэ, мы Іуэхугуэм уэрлъэмэ, СВО-р - ар Урыселмрэ КъухьэпІэмрэ я зэпэщІэтыныгъэщ. Абы щыгъуэми, Украинэр иужьрейхэм ягу зыщІэмыгъу, зыщымысхь Іэщ Іу къагъэсэбэпу аращ. Пэжыр аращи, ди къэралым къикІуэтыпІэ иІэкъым.

ИЛЪЭСИТІ пІалъэм кьриубыдэу адыгэ лъэпкъым къытхэкІа щІалэ куэд мы зауэм хьыхьащ икІи ахэр СВО-м Іыгъэрэхахуагъэрэ зэрахьэу зэрыщыІэм щыхьэт техъуэу, зэпыу щымыІэу я щІэхэр фІыкІэ кьраІуэ, зауэ нагъыщэхэр, фІыщІэ тхьылъэр къыхуагъэфащэ. Дэри апхуэдэ хъыбархэм гулъытэ зэрахэтщІыным, ди щІэджыкІакІуэхэм, ди лъэпкъэгъуэхэм я деж зэрынэтхьэсыным дыхущІокъу.

Дызэрепльымкіэ, СВО-м щыІэ дэтхэнэ зауэлІри лІыхъужьщ, хахуагъэ зыхэлъщ, псэ кьару зиІэщ. ИкІи хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр дауэ дыхущІэхъуами, щІалэ псоми я щІэхэр кьитІуэну лъэкІыныгъэ диІэкъым. Арами, тхузэфІэкІ кьэдгъанэркьым, сыту жыІэпмэ, нобэ зауэ Іуэху ухэар щекІуэкІ щІыпІэм щыІэ ди лъэпкъэгъу щІалэхэр адажьхэм щІэна хабзэхэр, дуней еплъыкІэр, лІыр лІыуэ зэрыщытыпхэр кьэзыІгъэлъэгъуэщ щытащ, зекІуэ е нэгъуэщІ уэрэдыжьхэр зэхэтІысхьэрти жаІэрт. Ди нобэрей зауэлІхэмэ апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр кьызэрагъэсэбэпэр я лъым хэту араща...

- Ахэр зэи щІегъуэжауи, зыгуэр щхьэкІэ тхьэусыхауи зэхэтхакъым. Псори яІэу, псори тыншу, зы щхьэкІи дымыгузэвэну мэлъаІуэ. Ди адэ-анэхэм ягуэхэр яхъумэ. Дэри жэщи махуи дащІогупсыс, дахуогумэщІ, ауэ гуитІщхьитІ мыхъун папщІэ, даэзрыкъэтыр Іэмал дгъэзэтхэмкІэ зыхьидогъащІэ. Щыри сфІэлъыхъужьщ, лІы Іуэху зэрахьэ, - жеІэ зауэлІхэм я кІуэуи Рэмэзан.

Абы дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, Къантемыр СВО-м щаша пІалъэм къыщыщІэдзауэ, иужькІэ Аслъэнрэ Астемыррэ зауэм щыІухьами, щІалэхэм я командирхэм ягугъуэм зыкъыпащІэурэ зэкъуэшхэм къащытхъащ, я гъэсэныгъэм, Іэдэбгъаным, лІыгъэ яхэлъым папщІэ адэ-анэхэми фІыщІэ къыхуащІащ. Апхуэдэ щытыкІэм щыхьэт тохъуэ командирхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек сымэ къабгъэдэкІа фІыщІэ тхьылъэр.

Ди адыгэ щІалэхэр зыхэт гупхэр лъэпкъ къызыхэкІэ зэшхымыщІу, ауэ псом зэрыІыгъ, зэдоІэпыкъуэк. Ахэр зы къэралым и цІыхуш, Кавказым и къуэ пажэхэщ.

Кьыхэзгъэщыпхъэщи, зэкъуэшхэми кьулыкъу къадезыхьэкІ дэтхэнэми фІыщІэ хуащІ Кавказ Ищхьэрэм щыщ республикэхэм щыпсэухэм, унафэщІхэм зауэлІхэм ящхьэпэн мурадкІэ зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэр, щыгъын хуабжэр, шхыныгъуэ зэхуэмыдэхэр зэхуэхьэсурэ зэрыхурагъашэм папщІэ. Апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэм ди зауэлІхэр хуабжьу щогугфыкІ...

Адыгэ щІалэхэм я гум мафІэр щолыд, я лъым лІыхъужьныгъэр хэльщ. Дэтхэнэри Тхьэшхэм къикъуэр, узынщІэу я унагъэхэм яхигъэхьэ! АдыгэщІ, щІыхьэм я къарур зэрыфщІыгъур зыщыщмызыгъэгъупщэ!

ГЪУКІЭКЪУЛ Ириня.

РОББО-классхэр

Налшык къалэм дэт «ДыгъафІэ къалэ» творчествэмкІэ сабий академием Урысей Федерацэм и Президентым и лыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий и жэрдэмкІэ иджыблагъэ къыщызэІуахащ иджырей робототехникэм и щэхухэм щыхурагъаджэ РОББОклассхэр.

АБы щеджэ цІыкІуэхэм гуапэу зыхуагъэзащ КЪР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрийрэ КЪР-м бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэм зегъэужьыныкІэ и министр Бозий Аскэррэ.

Хъыбар зэрыщыІащи, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм псоми мыпхуэдэ классхэр къыщызэІуахащ. Абыхэм щыхурагъаджэнущ робототехникэм, микроэлектроникэм, схемотехникэм, физикэм, программэхэр зэхэгъэувэныкІэ, 3D Іэмалхэм и щэхухэм, нэгъуэщІхэми. Абы щеджэну цІыкІухэм я ныбжьыр илъэси 5-м къыщыщІэдзауэ 18-м нэсыкъуІащ.

Кьыхэдгъэщынщи, мы гъэ еджэгъуэщІэм хиубыдэу къэралым и курыт еджапІэхэм псоми я егъэджэныгъэ программэм «Технологие» дерсым и зы Іыхьэу «Робототехникэр» хагъэхьащ.

ХЬэщІыкІуЭЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Президентыр яІущІэнущ

ФокІадэм и 6-м къыщыщІэдзауэ я 8 пщІондэ Урысейм хэхыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щекІуэкІащ.

ЩІЫНАЛЪЭ 21-м щыхахащ щІыналъэ Іэтащхьэхэр - Алтай Республикэм, Башкирием, Кьалмыкым, Забайкальем, Ставрополым, Хабаровск, Астрахань, Волгоград, Вологдэ, Калининград, Курган, Курск, Липецк, Мурманск, Оренбург, Саратов, Сахалинск, Тулэ, Челябинск, Кемеровэ, Санкт-Петербург.

Къэралым и Іэтащхьэм и пресс-секретарь Песков Дмитрий зэрыжиІамкІэ, щІыналъэ унафэщІу хахахэм, зэрыкІуэну, Урысейм и Президент Путин Владимир яІущІэнущ. «Ар зыхуэзэну махуэр иужькІэ дгъэбелджьылынущ», - щыжаІащ Кремлым.

Урысеймрэ Кореемрэ

УФ-м Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІ Матвиенкэ Валентинэ КНДР-м и Цыхубэ зэхуэс Нэхъыщхьэм и спикер Пак Ин Чхоля Урысейм 2025 гъэм кьхэкІуэну къригъэблэгъащ.

- УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Советымрэ КНДР-м и Цыхубэ зэхуэс Нэхъыщхьэмрэ дызэдгъэпсэлъэну, зэрыІуэрыІуэ, си гуапэщ ди къэралым укъезгъэблагъэну Іэмал зэрызиІэр. ЛъэныкъуитІми я Іуэхур нэхъ щыхуэхъуну зэманым зэгъуэзу дегупсысыну. - щытхъу Матвиенкэ КНДР-м и махуэмкІэ зэрехъуэхъу тхыгъэм.

ФокІадэм и 10, *гъубж*

♦ЦІыхум зиукІыжьныр къэмыгъэхъуныр и дунейпсо махуэщ

♦Ялэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и дунейпсо махуэщ

♦1916 гъэм кьалъхуащ КЪР-м и цІыхубэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург **ЩІоджэнцІыкІу Іэдэм**.

♦1921 гъэм кьалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Хьэбэчыр Умар**.

♦1930 гъэм кьалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, ЩДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бажэнэ Мурат**.

♦1937 гъэм кьалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **КІэнцІэлий Лиуан**.

♦1938 гъэм кьалъхуащ УФ-м щІыхь зиІэ и юрист, нагъыщэ нэхъыщхьэ зиІэ хеящІэ **Кьунаш Адэлбий**.

♦1938 гъэм кьалъхуащ СССР-м и щІыхьэ зиІэ джакІуэ, КЪР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Кьанщыкуей Риммэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІуэ щыщынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 26-рэ, жэщым градус -9 щыхьэнущ.

ФокІадэм и 11, *бзэржьей*

♦1929 гъэм кьалъхуащ балетмейстер, КЪР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Дашу Зыбышыр**.

♦1954 гъэм кьалъхуащ КЪБКЪУ-м и ректор, техникэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик **Альтуд Юрэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІуэ щыщынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 28-рэ, жэщым градус 20 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Абдж щыкъуейм лъапцІэу ухэмыувэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Лъэпкъ къафэхэмкIэ щIэнызгъэ зиIа япэ балетмейстер

Дашу Хьэшыр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ я артист, балетмейстер Дашу Хьэшыр 1929 гъэм фокIадэм и 11-м Брамтэ къуажэм къыщалъхуащ. Иджыри сабийуэ абы щIидзащ къэфэн. Зэгуэрым, накъыгъэ махуэшхуэр ягъэлъапIэу, щIалэгъуалэр уэру Налшык и уэрамхэм дэтт, зыгъэпсэхупIэхэм зыкъыщагъэлъагъуэу. Къэбэрдей уэрамым къыщыфэ Хьэшыр гу къылъитащ гъунэгъуу блэкI Къалмыкъ БетIал. КъэфакIуэ ныбжьыщIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэмадэр къыбгъэдыхьэри IэплIэ къыхуищIат. «Афэрым, уэ къэфакIуэ гъуэзэджэ къыпхэкIынущ!» - къыжриIащ абы БетIал. А псалъэхэр пэж хъуащ. Ар хыхьащ уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым (иужькIэ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамбль хъуам). Къулыкъу щищIэм, ар хэтащ Забайкалье дзэ округым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым. Къафэхэр гъэувыным IэкIуэлъакIуэ щыхуэхъуари а зэманырщ.

УРЫСЕЙ Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм Дашур игъэкIуауэ щытащ Вагановэм и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт хореографие еджапIэм. И щIэныгъэм хигъэхъуауэ, еджапIэм и илъэситI курсыр къиухауэ къигъэзэжат лъэпкъ къафэхэмкIэ щIэныгъэ зиIэ япэ балетмейстерым. Япэ илъэсхэм абы щригъэджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и культпросветучилищэм. Абы къыдэкIуэу, ар ядэлажьэрт «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Терчанка», «Нартхасэ» къэфакIуэ гупхэм. «Нартхасэ» ансамблым Хьэшыр щиунафэщIым гупыр щыIащ Польшэм щекIуэкIа фестивалым. Къэрал 20-м щIигъу зыхэта зэхьэзэхуэм «Нартхасэр» щытекIуэри, саугъэт нэхъыщхьэр къихьат. Абы щыгъуэ ансамблым игъэзэщIат псоми телъыджэ ящыхъуа «Нартхэр» хореографие сюитэр. Дашур зи унафэщI гупхэм Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэтырт ахэр здэкIуэ дэнэ щIыналъи. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, абыхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуа Индиер, Германиер, Мексикэр, Кипрыр, нэгъуэщI къэралхэри.

Профтехегъэджэныгъэмкlэ щэнхабзэ унэм деж щызэхуишэсауэ щытащ «Налшык пщащэ» ансамблыр икIи илъэс 20-м щIигъукIэ гупым и унафэщI емызэшыжу щытащ. Хьэшыр игъэуващ ансамблым и фондым къыхэна къафэхэр, хореографие этюдхэр. Абыхэм ящыщщ «ЦIыхубэ джэгукIэхэр», «Уузыншэм, щIалэгъуэ!», «Нарт щIыналъэм и хъыбар», «Долинск и розэхэр», «Бгылъэ удз гъэгъа» зыфIащахэр.

Адыгэ Республикэм и унафэщIхэм ирагъэблагъэри, Дашу Хьэшыр илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ абы я «Налмэс» ансамблым и балетмейстер нэхъыщхьэу. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ 1957 гъэм, лъэпкъ гъуазджэм и махуэхэр Москва щыщагъэлъэпIам, Хьэшыр хэтащ уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым и солисту.

Дашу Хьэшыр зы махуи Iуэхуншэу щысакъым жыпIэкIэ зыри егъэлея хъуркъым. И цIыху щIыкIэкIэ гумызагъэти, зыпэрыт Iэнат1эм къыдэкIуэу, республикэм къыщаIэт сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру хэтт. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Спартак» стадионым щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI махуэшхуэ концерт-хэм хэт гупхэм зэгъусэу ягъэзэщIэну къафэхэр зыгъэувыр Хьэшырт. Зыгуэрым упщIэ иIэмэ, абы деж жэуап щигъуэтырт, чэнджэщэгъу нэст, ныбжьэгъу пэжт. Иужьрей илъэсхэм Дашур лэжьащ профсоюзхэм Художественнэ самодеятельностымкIэ и унэм хореографиемкIэ и методисту.

Хьэшыр балетмейстер гъуэзэджэм и закъуэтэкъым, атIэ ар икIи сурэтыщI IэкIуэлъакIуэт. Абы къыщIэнащ сурэт гъэщIэгъуэнхэр, и Iуэху еплъыкIэр, и гупсысэкIэр, и IэщIагъэр наIуэ пщащIу.

Илъэс куэдкIэ гуащIафIэу лъэпкъ гъуазджэм зэрыхуэлэжьам щхьэкIэ, Хьэшыр къыхуагъэфэщат «Гуащlэдэкl хьэлэлым папщIэ» медалыр, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр къыфIащат.

Хьэшыр хуэдэ цIыху щыпкъэхэм я фIыгъэкIэ дуней псом къыщащIащ ди республикэ цIыкIур, ди къафэ дахащэхэр, ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ. А цIыху хьэлэмэтыр сыт щыгъуи фIыуэ ялъагъуу щытащ, ноби зыми ящыгъупщэркъым.

Си тхыгъэхэм мызэ-мытIэу щыжысIахэр мыбыи шэчыншэу епхьэлIэ хъунущ: Дашум теухуа псалъэхэр ныкъуэнущ ар зыцIыхуу щытахэм, къыдэлэжьахэм абы теухуауэ жаIахэр щIымыгъумэ. Ауэ гущIыхьэщ нэхъапэIуэкIэ дызэпсэлъахэр, цIыху щхьэхуэм и гугъу гуапэу къытхуэзыщIахэр нобэ зэрымыпсэужыр. Зи лэжьыгъэм хуэпэжа IэщIагъэлI щэджащэхэм нобэ къытхутепсэлъыхьыжыфынухэр зэрымащIэм къыхэкIыу, абыхэм я жыIэр дгъэкIуэдыркъым, щIэх-щIэхыурэ къытыдогъазэ щIэблэм зэхахын папщIэ. Мис абыхэм ящыщ зыбжанэ гъэкIэщIауэ:

ЕФЭНДЫ Джылахъстэн, *КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру, Налшык Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта:*

- Япэрауэ, Дашу Хьэшыр цIыху къекIуу, нэсри къэсыжауэ адыгэ щIалэщ, зыхужаIэм хуэдэу щытащ. ЕтIуанэрауэ, цIыхуфI дыдэт, зэчиифIэми, зыкъыфIэщIыжын жыхуэпIэр и пщIыхьэпIэ къэхэхуэртэкъым. Ещанэрауэ, ар къызыхуалъхуар къэфэнырт. А псори зэхэслъхьэжауэ, сэ Хьэшыр фIыуэ слъагъурт, пщIэ, дзыхь хуэсщIырт.

ПхужымыIэным хуэдизу Хьэшыр хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ди лъэпкъ гъуазджэм зиужьыным. Гуауэшхуэщ ар пасэу, и къару илъыгъуэу дунейм зэрехыжар.

АЛЭКЪЕЙ Мухьэмэд, *КъБР-м и цIыхубэ, УФ-м щIыхь зиIэ я артист:*

- «Кабардинка»-м и тхыдэм къыхэна, нобэ дызэрыгушхуэу «къэфакIуэ гъуэзэджэ» жыхуэтIэхэр псори зыгъэсар Дашу Хьэшырщ. 1953 гъэм аращ сэ къэфакIуэ ансамблым сыхэзыгъэхьар.

Ауэ сыткIэ ящыгъупщами, абы и лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ игъуэтакъым. Газетхэм абы и цIэр къызэрытехуэр мащIэ дыдэрэщ, и гугъу зэращIар зэзэмызэххэщ, абы щыгъуэми, и лэжьыгъэр къэзыгъэлъэгъуэнкIэ Iэмал зимыIэ «цIыхуфIт, гуапэт» псалъэ тафэтелэхэмкIэ «хуэупсэу». Апхуэдэу Дашум и гугъу пщIынри зыри хужумыIэхэнри зыуэщ сэ къызэрыслъытэр. Абы хуэфащэт и творчествэр зэрыщыту къызэщIэзыкъуэ тхыгъэ ин, купщIафIэ.

Хьэшыр хузэфIэкIар зэи тщыгъупщэ хъунукъым. НэгъуэщI зыри имыщIами, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу 1957 гъэм Москва зэрызыкъыщыдгъэлъэгъуэнум ансамблыр хуэзыгъэхьэзырар аращ, иужькIэ Монголием дызэрыкIуари зи гуащIэ къыдэкIар Хьэшырщ.

И щIэныгъэм Ленинград щыхигъахъуэу къэкIуэжа нэужь, Хьэшыр «Кабардинка»-м къигъэзэжат, арщхьэкIэ Музыкэ театрым и балет труппэр нэхъапэу къалъытэри(!) абы ягъэкIуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «Кабардинка» ансамблым куэд фIэкIуэдащ.

Нобэми «псэущ» Хьэшыр и къафэхэр, хэт хуейми къищтауэ, езым я гуащIэу ягъэувауэ.

КЪАШЫРГЪЭ Билал, *Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист:*

- Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым лэжьапIэ сигъэувыну си анэм сыщишауэ щыта 1947 гъэрщ сэ Дашу Хьэшыр къыщысцIыхуар. Илъэсиплiкlэ дызэдэлэжьащ, нобэми схуэмыухауэ согъэщIагъуэ абы бгъэдэлъа зэфIэкIымрэ лэжьэкIэмрэ.

Хэку зауэшхуэм иужькIэ ансамблым хыхьа щIалэхэу Тутыкъу СулътIанджэрий, Жырыкъ Мусэрбий, Дашу Хьэшыр, Никаев Ахьмэд сымэ зым и къэфэкIэм адрейм зримыгъэщхьу гъуэзэджэу утыкум итт. ЗапыщIыкIыфынкIи Iэмал иIэтэкъым абыхэм, апхуэдизкIэ зэщхьтэкъыми. Гупым и программэм и курыхыр зи пщэ дэхуэри ахэрат.

Лъэпкъ къафэр Хьэшыр и лъым хэтт. Абы и щыхьэтщ лъэпкъ къафэхэм теухуа тхылъ Кавказым щыяпэу къызэрыдигъэкIауэ щытар. 1956 гъэм дунейм къытехьа «Адыгэ цIыхубэ къафэхэр» тхылъым Дашум щызэпкърихащ хореографиер зэрыщыту, абы теухуауэ иIэ гупсысэхэр, утыкум къихьэ къэфакIуэхэм я увыкIэу, зекIуэкIэу, зыIыгъыкIэу щытын хуейхэр къэзыгъэлъагъуэ сурэтхэр щIыгъужу.

И цIыху щIыкIэм утепсэлъыхьмэ, Хьэшыр зэщIэкъуат, гъэсэныгъэ хэлът, теплъафIэт, гупгъэдахэт, зэчиифIэт.

БЕЗРОКЪУЭ Еленэ, *УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ:*

-Дашу Хьэшыр ХьэкIашэ и къуэ! А цIэр псоми ящIэрт, «Нартхасэ», «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Терчанка» ансамблхэр къызэгъэпэщыным и гуащIэ куэд хилъхьат, нэгъуэщI Iэджи хузэфIэкIати.

Тхьэм хореографу къигъэщIат, апхуэдизкIэ и гупсысэр куут, и акъылыр бейти, Хьэшыр фIы дыдэу къехъулIэрт езым къигупсыса къафэхэр игъэувыныр. СызэригугъэмкIэ, Дашум и ехъулIэныгъэ псом я лъабжьэр сабийхэр фIыуэ зэрилъагъуртщ. Апхуэдэуи цIыхум и гукъыдэжыр къэIэтыныкIэ «IэпщIэлъапщIэт» Хьэшыр. ГушыIэ дахэ зыхэлъ Дашум и зы псалъэри хущхъуэт, уи псэр игъэтыншу, укъызэщIиIэтэу. Ар щысымаджэм зыбжанэрэ я деж сыкIуати, узым хигъэзыхь пэтми, сыкъызэрилъагъуу нэщхъыфIэ къэхъурт, хъыбар гъэщIэгъуэн гуэрхэр къызжиIэжырт. Сыту цIыху бэшэчт, лIыгъэшхуэ зыхэлът ар!

СОТТАЕВ Къанщауэ, *КъБР-м и цIыхубэ артист:* - Ухуэныгъэм сыхэту Налшык сыщылажьэу (1956 гъэм), ди благъэ щIалэм уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым сишат, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэририкъур щагъэлъапIэкIэ Москва зэрызыкъыщагъэлъэгъуэнум зэрызыхуагъэхьэзырым сригъэплъыну. Хьэшыр ансамблым и балетмейстерти, сыкъызэрыфэфыр игъэунэхуну щыжраIэм, къызэплъащ. Игуми срихьауэ къыщIэкIынт, гупым и унафэщI Мыд Хьэжмусэ и пэшым сыщIишэу, я гъусэу къэралым и къалащхьэм сыкIуэну къыщызжиIакIэ... Апхуэдэут сэ Хьэшыр къызэрысцIыхуар.

Илъэс куэдкIэ дызэдэлэжьащ Дашумрэ сэрэ, зэгъусэу Iэджэрэ дыкъэфащ, щIыпIэ куэдым дыздэщыIащ. Балетмейстеру Ленинград щеджэу къэкIуэжа иужь, къафэ зыбжанэ (псалъэм папщIэ, «Хъыджэбз къафэ», «ПыIэехьэжьэ», н.) игъэуващ. «Кабардинка»-м щыщымылэжьэжми, къакIуэурэ ди зэфIэкIхэм кIэлъыплъырт, къыддэIэпыкъурт, чэнджэщ щхьэпэхэр къыдитырт.

ПщIэшхуэ хуэсщIырт езыми, къэзылъхуа и адэ-анэми, и щхьэгъусэми. Куэдрэ абыхэм я деж сыщыхьэщIати, гуапагъэу ядэслъэгъуар пхужымыIэным хуэдизщ.

ДУМЭН Мурадин, *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист:* - Дашу Хьэшыр цIыхушхуэт. Дызэмыныбжьыми, этнографиер, театрыр фIыуэ зылъагъу, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ артистымрэ сэрэ дызэныбжьэгъут.

Сэ балетмейстеру сыщылажьэм, Дашум и псалъэхэр куэдрэ сигу къэкIыжырт. «Къафэм хэлъ пщIэмрэ щIыхьымрэ гъащIэм кIуэцIрумыхыфынумэ, сценэм укъыщIихьэххэн щыIэкъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, а къафэм узэрыхуэфащэр къэгъэлъэгъуэф. Къафэр - адыгэ лъэпкъ псом и психологиещ, и философиещ», - жиIэрт Хьэшыр.

Зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

Дэ апхуэдэ джэгукIэ дыхуейкъым

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Нарт» (Черкесск) - 2:5 (2:3). Налшык, «Спартак» стадион. ФокIадэм 7-м. ЦIыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Богданавичус (Москва), Нередькэ, Типикин (тIури Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Лелюкаев, Далиев Дауд, Молэмусэ (Къардэн, 63), КIэдыкIуей, Блий, Жангуразов (Гъуэгузокъуэ, 76), Далиев Дени (Селяев, 37), ХьэцIыкIу (Шэрджэс, 64), Хьэшыр, Мэшыкъуэ (ЛIуп, 36).

«Нарт»: Дьяченкэ, Катаев, Рымарь, Абидокъуэ, Джумаев, Исаев, Исмаилов (Денилханов, 46), Михайлов, Ульбашев (Лафыщ, 60), Чалый (Цанавэ, 54), КIурашын (Бостанов, 61).

Топхэр дагъэкIащ: КIурашыным, 20 (0:1), Хьэшырым, 23 (1:1), Исаевым, 28 (1:2), Джумаевым, 31 (1:3), Селяевым, 43 (2:3), Джумаевым, 71 (2:4), Бостановым, 73 (2:5).

Дагъуэ къыхуащIащ: Исмаиловым, Къумыкъум, Абидокъуэм, Хьэшырым, Жангуразовым.

Джэгум къыхахуащ Блийр.

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм хыхьэ тIощIрэ еплIанэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» и деж къыщригъэблэгъат Черкесск и «Нартыр».

Япэрауэ, къыхэдгъэщынщи, турнир таблицэм дриплъэмэ, зэкъуэш республикэхэм я командищри зэпэгъунэгъуу щытащ, «Нартыр» очкоищкIэ япэ иту. Мы джэгугъуэм Мейкъуапэ и командэм и зэIущIэр къиихьри, зы очкокIэ къыттежащ. Иджы абы очкоуэ 27-рэ иIэ хъуащ, дэ иужь дыкъинащ, иджырей зэIущIэм и бжыгъэр хэмыту, очко 26-рэ диIэу, ауэ «Нартыр» хэдгъащIэрэ ди очко бжыгъэм хэдгъахъуэу щытамэ, абы дылъэщIыхьэжынут.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мыгъэрей чемпионатым и япэ Iыхьэм, накъыгъэм и 11-м Черкесск къалэм дыщыIэу хэгъэрейхэм 3:2-уэ дыкъыхагъэщIауэ щытащ. Абы къыхэкIыу, «ялъ зэращIэжын» къудейм и мызакъуэу, турнир таблицэм зэрызыщагъэбыдэным егупсысу налшыкдэсхэр топджэгу губгъуэм къиихьэн мурад яIэну дащыгугъащ. Ауэ - дэнэт?!

ЗэIущIэм зэрыщIидзэу хьэщIэхэм топыр къащтэри, ди гъуэм къебгъэрыкIуащ икIи губгъуэм къихьа топджэгухэм я цIэхэр кърийуэныр дикторым и кIэм нигъэсатэкъым, «Нартым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ Джумаев Амир жыжьэу щыту, лъэщу зэуа топыр ди гъуэм и бгыкъум щытехуам. Мыбдежым Къумыкъу Аслъэнбэч щыIэмалыншэт. Абдежми топ къэлъеижам занщIэу кIэлъеуэжат командэм и капитан Абидокъуэ Вадим. Насып диIэти, дахэдахэу техуакъым.

ХьэщIэхэр абыкIэ къэувыIакъым, джэгур нэхъри щIагъэхуэбжьащ, ди гъуащхьэм нэхъыбэрэ къытелъадэуи хуежьащ, ауэ фейдэ зэкIэ къахухэхыртэкъым. Ди щIалэхэр, пэжыр жыпIэмэ, апхуэдэ щIэдзэкIэм зы тэлайкIэ игъэундэрэщхъуат. ЗэрыжаIэу, здэжэнури ящIэнури ямыщIэжу апхуэдэт я Iуэхур. АрщхьэкIэ, хуэм-хуэмурэ зыкъащтэжри, джэгур ягъэупщIыIужащ икIи езыхэм хьэщIэхэм ебгъэрыкIуэн щIадзащ.

ЗэIущIэм и 20-нэ дакъикъэхэм деж командэхэр сабырыжащ икIи я ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъ кIащхъэ хъууэ хуежьащ. Мис ар налшыкдэсхэм зэран къахуэхъуащ. Топджэгу губгъуэм и кум иту хьэщIэхэм топыр хуэм-хуэмурэ зэIэпахын щIадзэри, ди щIалэхэр «трагъэжеикIащ» икIи напIэзыпIэм абыхэм ящыщ яIэщIэкIри, ди штрафнойм и закъуэу къихуташ. Абы бгъэурыту къэжа Блий Амир ар ириудатри, судьям, натIэзыпIэм, «Нартым» пенальти иритащ. А псом ищIыIужкIэ, ди топджэгур губгъуэм кърихуащ.

Пенальтир IэкIуэлъакIуэу игъэзэщIащ КIурашын Азэмэт, ауэ хьэщIэхэр абы куэдрэ иригуфIакъым. «Спартак-Налшыкым» и капитан Хьэшыр Алан бжыгъэр папщIу зэхуэдэ ищIыжащ.

ИужькIэщ гъэщIэгъуэнхэм щыщIидзар. Пэжыр жыпIэмэ, зэIущIэм и япэ Iыхьэм командэхэм топитху дагъэкIыну зыгуэрым жиIамэ, фэ гуэр ираплъыну къыщIэкIынт.

ХьэщIэхэм я етIуанэ топыр ди гъуэм къыщIыдахуам и щхьэусыгъуэр губгъуэм зы цIыху зэрыщытхуримыкъуарщ. «Нартым» ар къигъэсэбэпри, бжыгъэр 1:2 ищIащ. КъыхэжаныкIар Исаев Шихамирщ - ар зыубыдын диIакъым. ИужькIэ, зэман куэд дэмыкIыу, Черкесск къалэм къикIахэм аргуэру пенальти къалэжьащ. Ди штрафнойм иту Далиев Дауд и Iэм топыр къытехуащ. Арати, Джумаев Амир бжыгъэр 1:3-м нигъэсащ.

Апхуэдэ Iуэху къекIуэкIыкIэм арэзы къимыщIу командэм и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур Мэшыкъуэмрэ Далиев Денирэ ихъуэжащ, етIуанэ Iыхьэм щIидзэным емыжьэу. Абыхэм я пIэкIэ губгъуэм къихьащ Селяев Амырхъанрэ ЛIуп Ислъамрэ. ИкIи щыуакъым, щIалитIми джэгур щIагъэхуэбжьащ, зэман кIэщIым къриубыдэуи ЛIупым Iэмал зыбжанэ иIащ хьэщIэхэм я гъуэр къиштэну. Зэм топыр бгыкъум техуащ, зэм гъуащхьэтетым къригъэгъэзащ. КъыхэжаныкIар Селеяв Амырхъанщ. «Нартым» и штрафнойм иту топджэгу зыбжанэ къигъапцIэри, лъэщу топым еуащ ар. Дьяченкэ Александр абы пэлъэщакъым.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр и кIэм нэсыным къэнэжа зэман кIэщIым къриубыдэу командитIми бжыгъэр я лъэныкъуэкIэ ирашэхыну Iэмалхэр яIащ, ауэ яхуэхъуэжакъым. ЗэрыжаIэу, джэгур абдежым къыщагъэувыIами хъунут: «Спартак-Налшыкым» къару къыхуэнэжатэкъым, «Нартыр» хузэфIэкIамкIэ арэзы хуэдэт...

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм зэрыщIидзэжу командэхэм топыр ирахьэжьащ, гъуэрыгъуэурэ гъуащхьэхэми телъэдащ, ауэ «Нартым» апхуэдэ жыджэрагъ къигъэлъэгъуэжыртэкъым, и джэгукIэмкIи щыIэ бжыгъэр ихъумэн хуэдэу къыпщыхъурт. «Спартак-Налшыкыр» къарууншэ зэрыхъуари плъагъурт. Апхуэдэ щытыкIэр ди щIалэхэм аргуэру зэран къахуэхъуащ. АфIэкIа зыри хуэмеиж хуэдэу зызыщIа хьэщIэхэм, зэман кIэщIым къриубыду зыкърачри, зэкIэлъхьэужу топитI ди гъуэм къыдагъэкIащ. Налшыкдэсхэм я лъэр абы щIигъэхупащ.

АдэкIэ умыджэгужми хъунут. Футболым еплъыну къэкIуахэри хуэм-хуэмурэ зэбгрыкIыжащ, джэгум и кIэм имыплъэу. ГурыIуэгъуэт абыхэм ягу хэзыгъэхъуэн зэрамылъэгъуар икIи я щытыкIэм къыбжиIэ хуэдэт: «Дэ апхуэдэ джэгукIэ дыхуейкъым!»

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм фокIадэм и 6 - 8-хэм ирагъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иухащ: **«Биолог-Новокубанск» - «Дружба» - 0:2, «Динамо-Ставрополь» - «Рубин» - 0:0** , **«Астрахань» - «Форте» - 0:3, «Строитель» - «Кубань Холдинг» - 0:0, «Ростов-2» - «Динамо-2» - 2:0, «Севастополь» - «Ангушт» - 0:0, «Победа» - «Алания-2» - 2:0.**

Мэхъэчкъалэ и «Легион»-м иджырей джэгугъуэр блигъэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» щригъэкIуэкIынур фокIадэм и 14-рщ. А махуэм ар Мейкъуапэ къалэм и «Дружба»-м и деж щыхьэщIэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	**22**	**14**	**4**	**4**	**44-18**	**46**
2. «Динамо-Ставрополь»	23	12	8	3	36-22	44
3. «Легион»	22	13	3	6	37-17	42
4. «Ростов-2»	23	13	3	7	43-25	42
5. «Рубин»	23	12	4	7	29-20	40
6. «Севастополь»	21	11	6	4	30-16	39
7. «Астрахань»	22	12	3	7	28-22	39
8. «Нарт»	23	9	5	9	27-32	32
9. «Строитель»	22	8	7	7	25-23	31
10. «Ангушт»	23	6	11	6	16-16	29
11. «Дружба»	23	8	3	12	28-33	27
12. «Спартак-Налшык»	**22**	**7**	**5**	**10**	**34-34**	**26**
13. «Кубань Холдинг»	23	5	8	10	18-27	23
14. «Биолог-Новокубанск»	22	6	4	12	28-37	22
15. «Победа»	23	5	7	11	25-35	22
16. «Динамо-2»	23	3	4	16	17-56	13
17. «Алания-2»	**22**	**3**	**3**	**16**	**14-46**	**12**

● ТхылъыщIэ

КIыщокъуэ Алим и романхэр



Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм щIэрыщIэу къыщыдагъэкIыжащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIыщокъуэ Алим и «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ», «Лъапсэ» романхэр.

КIЫЩОКЪУЭ Алим и юбилейм ирихьэлIэу, япэщIыкIэ бадзэуэгъуэ мазэм къыдагъэкIыжащ «Нал къута» романыр. Ар совет лъэхъэнэм, Хэку зауэшхуэ зэманым цIыхубэм я нэгу щIэкIахэр, нэмыцэхэр Кавказым къызэребгъэрыкIуар, бийм я танкхэр къэзыгъэувыIэну япэщIэува 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэтахэм зэрахьа лIыгъэр, тхыдэм и нэгъуэщI къэхугъэ пэжхэр къыщыгъэлъэгъуэжа тхыгъэщ.

«Тхыгъэ къыхэхахэм я библиотекэ» серием хыхьэу, Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм иджы дыдэ къыщыдэкIащ КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр.

- Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэр къызэралъхурэ илъэси 110-рэ щрикъум ирихьэлIэу щIэупщIэ зиIэ и тхылъхэр къыдыдогъэкIыж, - жеIэ Котляров Виктор. - Бадзэуэгъуэм къыдэдгъэкIыжа «Нал къута» романыр илъэс 50 ипэкIэ, «Лъапсэ» романыр илъэс 30-кIэ узэIэбэкIыжмэ дунейм къытехьауэ щытащ. А тхыгъэхэм я мыхьэнэмрэ я фIагъымрэ тхылъеджэхэмрэ критикхэмрэ иджыри къапщытэну къапэщылъщ.

КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм увыпIэфI щаубыд лъэпкъ хабзэм, бзэм, щэнхабзэм, лъапIэныгъэхэм. ТхакIуэ цIэрыIуэм и IэдакъэщIэкIхэм адыгэ, союзпсо, дунейпсо литературэхэр ягъэбеящ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гъэплъыгъуэм зыхуагъэхьэзыр

● КIэщIу

Къэбэрдей-Балъкъэрым хуабэ, электрокъару къэзыт и IуэхущIапIэхэр бжьыхьэ - щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзыр щIыкIэр республикэм жыджэру къыщапщытэ мы махуэхэм.

ЭЛЕКТРОКЪАРУУЭ псори зэхэту киловатт 1140-рэ зи лъэщагъ къэзыт, нэгъуэщI ухуэныгъэхэм пымыщIауэ щхьэхуэу лажьэ щIыпIэу 40 IэщIагъэлIхэм къапщытакIэщ. ЦIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ яIэрыхьэ электрокъарум е хуабэм ехьэлIауэ ныкъусаныгъэхэр къэхъумэ, ахэр зыгъэзэкIуэжын, лэжьыгъэхэр зэтезыгъэувэжын бригадэу 108-рэ къызэрагъэпэщащ, техникэ хэхауэ 226-рэ яIэщ. Абы нэмыщI, къэхъукъащIэ мыщхьэпэхэр гъэкIуэдыжыным пыщIауэ зыхуэныкъуэнкIэ хъуну Iэмэпсымэхэр, материалхэр, н. къ. къращэхуным сом мелуан 96,87-рэ хухахащ.

Бжьыхьэ - щIымахуэ гъэплъыгъуэм электросетым и къалэн нэхъыщхьэу щытыр электрокъарурэ хуабэкIэ цIыхухэр, IуэхущIапIэхэр зэпымыууэ къызэгъэпэщыныршщ. Абы къыхэкIыу, IэнатIэм пыщIа хуабэ, ток къэзыт щIыпIэхэр къапщытэ, обрудованэхэр зэрагъэпэщыж, жьы хъуахэр зэрахъуэкI, счетчикыщIэхэр ягъэув, абыхэм япыщIа нэгъуэщI лэжьыгъэхэри ирагъэкIуэкI.

ЕтIанэгъэ къапэщылъхэр

«ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2025 гъэм республикэм и Шэрэдж щIыналъэм и Шэрэдж Ищхъэрэ, Жэмтхьэлэ, Сукан-Су жылэхэр зэпызыщIэ, километрих зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгур къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы гъуэгум зэпещIэ Зэрэгъыж, Псыгуэнсу къуажэхэр. Иужьрей илъэсхэм чэзууэрэ гъуэгу лэжьыгъэхэр абыхэм щекIуэкIащ. 2023 гъэм Зэрэгъыж Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрамыр, а гъуэгум къыхыхьэр, щызэрагъэпэщыжащ. Абы и кIыхьагъщ километри 5,7-рэ. 2022 гъэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ Жэмтхьэлэ Ипщэ километри 5,1-рэ хъу и уэрамми.

Гъуэгу лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIыну къапэщылъ лэжьыгъэхэм хыхьэу асфальтыжьхэр тратхъунщIыкIынущ, гъуэгум и лъабжьэр ягъэбыдэнущ, асфальтобетоныщIэ тIуащIэу тралъхьэжынущ, гъуэгубгъуэхэр кърагъэбыдэкIынущ, дамыгъэхэр трагъэувэнущ, зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэхэр къыхагъэщынущ, псы жапIэхэри хуащIынущ.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

● ХъыбарегъащIэ

Унэм и зехьапщIэм теухуауэ

ПщIэ зыхуэтщI абонентхэ! УФ-м и ПсэупIэ кодексым ипкъ иткIэ, цIыху зыбжанэм зэдагуэш мылъкуу щыт унэм и зехьапщIэр фэтэр куэду зэхэт унэхэр зейхэм хуэдэ дыдэу, абыхэм хиубыдэ псэуалъэхэр зейхэми я пщэ далъхьащ (ахэр псэупIэу е нэгъуэщI мурадым хухэхауэ щытщымытым емылъытауэ). Абы къыхэкIыу, цIыху щымыпсэу псэуалъэхэр зейхэм, унэхэр зейхэм хуэдэ дыдэу, унэ зехьапщIэхэр и чэзум, зыри мычэму ятын хуейщ.

ФызыщIэупщIэ псори мы телефонхэмкIэ къыфхуэщIэнущ:
8-800-700-64-12 , 42-56-91
Электрон пощтыр: regoperator.07@mail.ru
Е мы хэщIапIэм фекIуалIэ хъунущ: Налшык, Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А.
ЩIыналъэм и Iуэху зезыгъакIуэ операторым и лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэ къыхэхуэмэ, абы щыгъуазэ зыщыфщIыфынущ https://t.me/kapremont07 телеграм-каналым.

Кубокыр Псынэдахэ яхь

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм футболымкIэ и Кубокыр къэхьыным теухуауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэр Налшык къалэм и «Спартак» стадионым иджыблагъэ щызэхэтащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, ар къызэригъэпэщащ КъБР-м ФутболымкIэ и федерацэм.

КУБОКЫМ и кIэух зэIущIэм щызэхуэзащ Псынэдахэ къуажэм и «Родник» командэмрэ Тэрч къалэм и «Тэрч» гупымрэ. Удэзыхьэхыу икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIа зэIущIэм текIуэныгъэр къыщахьащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и лIыкIуэхэм, бжыгъэр - 1:0-у.

КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, Тэрч щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Хъущт Аслъэнбий, УФ-м футболымкIэ и командэ къыхэхам (цIыхубзхэм) и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрий, КъБР-м футболымкIэ и федерацэм и тхьэмадэ

Мэшыкъуэ Аслъэн сымэ япэ увыпIэр къэзыхьа «Родник» командэм и топджэгухэм иратащ КъБР-м и Iэтащхьэм и цIэкIэ ягъэува Кубокымрэ медалхэмрэ.

ТАМ Заур.

Гъуазджэм и дунейм щогъагъэ

Дахэм, фIым, гумащIагъэм къыхуигъэщIа хуэдэщ Черкесск къалэм гъуазджэмкIэ езым и студие къыщызэIузыха, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ Абыдэ Iэсият. Абы «Si-Art» зыфIища сурэтыщI студием ныбжькIэ зэхуэмыдэ цIыхухэр къокIуалIэ. Абыхэм зэрадэгуэшэн Iэзагъэрэ зэриущиин акъылрэ бгъэдэлъщ Iэсият, арагъэнщ емызэшу жэщи махуи а цIыкIухэм щIахэтыфыр. Ар апхуэдизкIэ фIэфIу и лэжьыгъэм пэрытщи, дэзыхьэхым, игъасэ сабийхэм ябгъэдэлъ зэчийм къыщыпхутепсэлъыхькIэ и нэхэр мэлыд, зыхэт «гъуазджэм и дунейм» щогъагъэ.

«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэрэ «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Тау Замирэрэ си гъусэу Iэсият деж дыщеблэгъам, цIыкIухэм я гъусэу тIысыпIэ зырыз тхуигъэхьэзырагъэххэт, сурэт зэрытщIыну Iэмэпсымэ псори къытIэщIилъхьэри, щхьэж и зэфIэкI игъэунэхужыну дригъэтIысылIащ. Щыми къалэмым нэмыщI, кисть зэи тIыгъатэкъым, ауэ Iэсият и арэзыныгъэ къэдлэжьащ, дызэрылажьэм хуэдэури ди упщIэхэм жэуап къаритащ. Iэсият беслъэней пщащэщ, зыщумыгъэнщIу уодаIуэ и псэлъэкIэм, ди диалектхэм хэт зэтемыхуэныгъэхэр къэбубыду.

- Iэсият, уи цIыху щIыкIэкIэ, дуней тетыкIэкIэ, гъащIэ еплъыкIэкIэ апхуэдизкIэ упщащэ гъэщIэгъуэнщи, сурэтыщIу укъалъхуауэ къысщохъу. Дапщэщ къыщыбгурыIуар уи псэр зыгъэтыншыр сурэтыщI IэщIагъэрауэ?

- Сабий гъэсапIэм сыщыкIуэм япэ дыдэу сщIауэ щыта сурэтыр си нэгу щIэтщ, ныпрэ топ цIыкIурэ иту. Си гур къилъэту сыкъэкIуэжри, си адэм жесIэжауэ щытат. ИтIанэ езыхэми къыздалъэгъуати, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэхэм сыхагъэхьэрт. Уеблэмэ, илъэс 14-м ситу сызыхэта зэпеуэр сощIэж. Газетым къытрадзат Черкесск сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ зэрыщекIуэкIынури, си адэм сигъэлъагъури, сурэт сщIыуэ езгъэхьыну къызжиIащ. Сегугъуу сщIа сурэтыр си дэлъху нэхъыщIэ цIыкIум зэхитхыхьащ. Си къэрэндащри сухауэ, къыщIэздзэжри, ручкэкIэ сщIащ а сурэтыр. Ауэ сигу ирихьыжыртэкъыми, къыдэгъэжым дэздзэжащ. Ар сымыщIэу си адэм къиищтэри, Черкесск иригъэхьауэ щытащ. ИужькIэ газет къытхуокIуэ, зэпеуэм кърикIуахэр тету, текIуахэр махуэ гуэрым къалащхьэм щызэхуэсу ягъэпэжэну хъыбарегъащIэ щIыгъуу. Абы си унэцIэр зэрыхэтыр си адэм сегъэлъагъу, махуэр къос, зыкъыдохри, Беслъэней дыкъокI. Си фIэщ хъуртэкъым си IэдакъэщIэкIыр къыхахауэ, зызущэхуауэ сыщысщ, Беслъэней нэс дыкъикIауэ мыр пцIыуэ къыщIэкIмэ, си напэр текIакъэ, папи сыт и гугъэн жызоIэри. АрщхьэкIэ, чэзур си деж къэсри, утыку сыкърашауэ щытащ, удз гъэгъарэ сом 300-рэ къысхуагъэфэщат.

Курыт еджапIэми, сабий гъэсапIэми сыщыщылажьэхэм, сытым дежи е пэшхэр згъэщIэращIэрт, е плакатышхуэхэр сщIырт. АпщIондэхуи, си адэм къызиIуэкIырт, схэлъ зэчийм зезгъэужьын зэрыхуейр. Ауэ илъэс 20 дэкIыжа нэужьщ сурэт щIыныр згъэнэхъыщхьэу щыщIэздзар.

- Нобэ уэри сурэт бощI, а пщIэр сабийхэми ебгъэщIэн папщIэ уадолажьэ. Дауэ ухуэкIуа абы? Сыт сабийхэр бгъэсэныр къызыхэпхар?

- Илъэс 20-кIэ еджапIэм, гъэсапIэм сыщылэжьа нэужь, ментальная арифметикэмкIэ цIыкIухэр щхьэхуэу згъэсэн щIэздзащ. Пэш щхьэхуэ къыхэсхри, абы къекIуалIэ цIыкIухэм садэлажьэурэ, сурэт езгъэщIуи щIэздзащ. Зым адрейм жриIэжурэ, хъыбарыр зэбгрыкIри, сурэт зыщIыну хуейхэр куэд къэхъуащ. Абы щыгъуэм къызгурыIуащ пэш нэхъ ин зэзгъэпэщу нэхъыбэм садэлэжьэн зэрыхуейр.

- Мы дызыщIэс хэщIапIэр, «Si-Art» студиер, дапщэщтIэ къыщызэIупхар? Дауэ зэтеубла хъуа лэжьыгъэр?

- Илъэсищ мэхъу къызэрызэIусхрэ. Мыр фIыуэ слъагъухэр щызэспх хэщIапIэу жысIэфынущ, творчествэмрэ сабийхэм садэлэжьэнымрэ нэхъ сфIэфI щыIэтэкъыми, а тIур зы сщIащ. Нэхъыбэу къекIуалIэр сабийхэращ, ауэ нэхъыжьхэм ящыщу зи зэфIэкI еплъыжыну хуейхэри згъэщIэхъуркъым. Илъэс 65-рэ хъу бзылъхугъэ, е сабий гуэрым и адэ... Ныбжькiэ жыпхъэ згъэувынукъым. Мыр студие щхьэхуэу къыщIызэIусхар аращ - зигу къабзэхэр къекIуэлIэну. Сурэт зыщIыну хуей хъур зи псэр къабзэхэращ, фIы зигу илъхэращи, сигу хэхъуэу сыщолажьэ си студием. Сэ сымыгъуэтар иджыпсту щыIэ щIэблэм естыжыну сыхуейщ. Дэ ди къуажэм художественнэ школ щыIэтэкъым, Черкесск махуэ къэс сыкIуэфынутэкъыми, сфIэфIыр си гум щыпсэуауэ аращ. Иджы ныбжьыщIэхэм апхуэдэ Iэмал къахузызогъэпэщ, зэрыхуейуэ я зэчийм зрагъэужьыну. Творческэ цIыхуу къежьа цIыкIухэр гупцIанэхэщ, ящIар ягу иримыхьыжмэ е зы щIыпIэ деж щыщыуамэ, къыщиудынурэ гъынущ. Сэ къызгуроIуэ ар, апхуэдэр зэрытезгъэужынури сощIэ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ къыхузогъуэтыф. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри сэ сысейм хуэдэщ. Апхуэдэу уабгъэдымэхьэмэ, зыкъызыкъуахыфынукъым абыхэм. Сигу къоуэ курыт еджапIэхэм сурэт щIыным мыхьэнэ зэрыщрамытыр, абы хуэныкъуэ куэд щIэсщ школхэм.

- ЦIыкIухэр псори сурэт щIыным дихьэхыу къежьэу къысщохъу, итIанэ хуэмурэ нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм техьэжурэ, я IэщIагъэр къыхахыу. Уэ узэреплъымкIэ, псоми сурэт ящIыфрэ? Дауэ зэрызэхэбгъэкIыр а талант дахэр зыхэлъхэмрэ зыхэмылъхэмрэ?

- Сэ илъэс 20-кIэ садэлэжьащ сабийхэм. КъыщалъхуагъащIэм деж щегъэжьауэ феплъи, я Iэ цIыкIухэмкIэ зыгуэр ящIыну, пшахъуэм щыхэс къудейм деж мыхьэнэ зиIэ гуэр зэтратхъуэу, пэш щхьэхуэ яIэмэ, ар езыхэм я IэдакъэщIэкIкIэ ягъэщIэрэщIэну хуейуэ щытщ. Ауэрэ школым макIуэри, зэраубзыхуар апхуэдэущи, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным ткIийуэ пэрагъэувэри, и псэм фIэфIым зиужьыну Iэмал имыIэурэ гъуэгу тоувэ. ЩIэныгъэ етыным емыгугъуу хъунукъым, дауи, ауэ макъамэ, сурэт щащI дерсхэр Iэпэдэгъэлэл пщIынкIи Iэмал иIэкъым.

Си сабийхэм ящIа сурэт телефонкIэ щызгъэлъагъуэкIэ, уи деж накIуэ псори зэчиифIэ защIэщ жаIэ. Хьэуэ, апхуэдэукъым зэрыщытыр. Сурэт зымыщIыф сабий щыIэкъым, ар хуэбгъэдахэмэ, тебгъэгушхуэмэ, сытри хуэщIынущ. Си деж къекIуалIэ цIыкIухэм, псом япэрауэ, мыр зэрышкIолыр, е сызэрыегъэджакIуэр къагурызогъаIуэ. Сыхуейкъым ахэр къысщыщыкIытэу, е къысщышынэу, ящIар адрейм ирагъэлъагъуну темыгушхуэу щытыну. «Сэ фэ фызиныбжьэгъу аращ, езэшар къэтэджурэ къекIух, хуейр псы йофэ, зым ищIым адрейр еплъ хъунущ, фызэпсалъэурэ фылажьэ...», - яжызоIэ. Сурэт щIыным и IэмалхэмкIэ ягурызогъаIуэ. Мис апхуэдэурэ сабийм и гум илъыр сурэткIэ, псалъэкIэ къигъэлъэгъуэфу мэхъу.

- Фи республикэр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэсщ. Сыт хуэдэ лъэпкъхэм ящыщхэр къекIуалIэрэ уи деж?

- Ди хэгъэгум лъэпкъитху нэхъыщхьэу исщи, абыхэм ящыщи, алыджи, ермэлыи къокIуалIэ. Ахэр зыкIи зэхэгъэж сщIыркъым. Псори зэхуэдэщ си дежкIэ.

- Зэчий зыбгъэдэлъ дэтхэнэ зыми и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр ихъумэжу, къызыхэкIар иIэту щытын хуейуэ къызолъытэ сэ. Сыт адыгэм ехьэлIауэ уи деж къакIуэ цIыкIухэм ебгъащIэр, зэхебгъэхыр?

- Мы зи гугъу пщIыр лъым хэтщ. Уэ укъызыхэкIам щыщ цIыкIум а ебгъащIэм нэмыщIи, лъэпкъ нэщэнэ гуэрхэр зэрыбгъэдэплъхьэным, хабзэм, тхыдэм, щэнхабзэм узэрыхутепсэлъыхьыным иужь уитщ. ИтIанэ Iэмал щызгъуэтхэм деж адыгэхэр зы гуп сощIри, лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэхэр сурэту язогъэщI, адыгэбзэкIэ фIэкIа мыпсалъэу согъэлажьэ, ди лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэм сахутопсэлъыхь. Фэри фыкъызрихьэлIар апхуэдэ зы дерсщ. Мес мо хъыджэбз цIыкIум и пыIэм, адрейм и къэлътмакъым адыгэ тхыпхъэ тращIыхь, модрей пщащэм адыгэ фащэ зыщыгъ шу ещI, мэзым кIуэцIрыкIыу. Ахэр езыхэм я жэрдэмкIэ кърагъэжьа Iуэхущ.

- Апхуэдэ дыдэуи адыгэгуу, адыгэпсэу зыгуэр сцIыхумэ, уэри абыхэм уащыщщ. Уи лъэпкъ зэхэщIыкIыр хэт къыпхэзылъхьар?

- Уи адэ-анэр псом нэхърэ нэхъыфIу плъагъуркъэ? Мис апхуэдэщ сыкъызыхэкIа адыгэр, сызыщыщ беслъэней лIакъуэр зэрыслъагъур. Беслъэней къуажэм сыкъыщалъхуащ, сыкъыщыхъуащ. Дэ адыгэбзэ фIэкIа тщIэртэкъым нэхъапэм, арат ди унагъуэм щIэсхэр зэрыпсалъэр. ИтIанэ сабий гъэсапIэм дыкIуа нэужь, урысыбзэр псалъэ зырызу зэдгъэщIауэ аращ. Бзэм, лъэпкъым ехьэлIауэ схэлъыр къысхэзылъхьар си адэращ. Ар хуабжьу иригушхуэрт адыгэм къыдэхъу сыт хуэдэ Iуэхуми. Къалмыкъ Юрэ хуэдэ лъэпкъылI щэджащэхэм пщIэшхуэ яхуищIу, зэрыадыгэм иригушхуэу псэуащ си адэр.

Творчествэ и лъэныкъуэкIэ, си анэм ещхь сыхъужа хъунщ. Уеблэмэ, си анэшхуэм деж къыщожьэ, жысIэмэ, сыщыуэнукъым. Абы и Iэм имыщI щыIэтэкъым, апхуэдэуи пщафIэ Iэзэт. ШхыIэн ищIырт, щыгъын идырт, упщIэм елэжьырт, арджэн, уагъэ цIыкIухэр... А псом нэмыщI, апхуэдизкIэ IэфIу пщафIэрти, къуажэ псом кърашэкIырт, гуфIэгъуэ зиIэм ягъэпщафIэу. И бынхэр балигъ хъуауэ тIысыжами, хьэкукIэ игъажьэ щIакхъуэшхуэр яритын хуейуэ _ къилъытэрт. Хуабжьу щIакхъуэ IэфI, куэдрэ зэIымыхьэ игъажьэрт. Си анэри удз гъэгъа къигъэкIыу, дэуэ, дахэ гуэрхэр ищI зэпыту апхуэдэщ. Зы махуэ гуэрым сеупщIат: «Уи гъащIэм и пэщIэдзэм бгъэзэжамэ, сытыт зэпхъуэкIыжынур, сыт хуэдэ IэщIагъэт къыхэпхынур?» «Адыгэ драмэ театрым сыщылэжьэнт», - къызжиIащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, театрыр сэри апхуэдизу фIыуэ щIэслъагъур арат. Хуабжьу сфIэфIщ сеплъынуи садэлэжьэнуи. Иджыпсту Шэрджэс театрым я декорацэхэр яхузогъэхьэзыр.

- Театр узэрыфIэфIым сэри гу лъыстащ, фи республикэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгейми щылажьэ адыгэ театрхэм я зы премьерэ блэбгъэкIыу си фIэщ хъуркъым.

- НтIэ, тфIэфI дыдэу дыщызэхуозэ. Театрыр щэнхабзэм, гъуазджэм я утыкущ, ар адыгэбзэм и IэфIагъыр зыхозыгъащIэщ, лъэпкъым бгъэдэлъ беягъымрэ фIыгъуэмрэ уэзыгъэлъагъущ. Сэ псэкIэ нэхъ къулей сещI адыгэ театрым.

Епсэлъар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

Гъэмахуэр ирагъэжьэж

КъБР-м и Правительствэм и гупэм къит ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум махуитIым къриубыдэу - фокIадэм и 7-м къыщыщIэдзауэ и 8 пщIондэ щекIуэкIащ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуауэ гъэ къэс зыпэплъэ, удз гъэгъахэм я «Гъэмахуэр икIащ» V фестивалыр. Мыгъэрей зэхыхьэр траухуащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмрэ Налшык къалэр илъэс 300 зэрырикъумрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм, Ставрополь крайм, Москва къикIа ландшафт дизайнерхэмрэ удз гъагъэхэр зыгъэкIхэмрэ ягъэлъэгъуащ я лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр.

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ и утыкум и мызакъуэу, «ЗыгъэпсэхупIэ» скверри а махуэм цIыху кIуапIэ хъуат икIи къыумыцIыхужыну щхъуантIагъэрэ дахагъэкIэ гъэнщIат: удз гъэгъа зэмыфэгъухэр, IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкI, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ цIугъэнэхэр, хьэпIацIэщыгъэкIэ зэлуща цIыкIуфэкIухэр, гуащэхэр, ятIэ гъэжьам, пхъэм, гъущIым, цым, фэм, щэкIым, тхылъымпIэм къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр щагъэлъагъуэ жармыкIэр, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри. А псом къадэкIуэу балигъхэмрэ сабийхэмрэ яхуэгъэза мастер-класс щхьэпэхэр, лекцэхэр къызэрагъэпэщащ.

ЩхъуантIагъэмрэ дахагъэмрэ фIыуэ зылъагъу ини цIыкIуи а махуэм я IутIыжт! ЩIыуэпсым къигъэщIа дахагъэхэм ящыщ удз гъэгъахэм цIыхухэм я гукъыдэжыр къызэраIэтам, зэрагъэгуфIам шэч хэлъкъым. Зи плъыфэрэ теплъэкIэ зэщхьэщыкI, мэ гуакIуэ къызыпих гъэгъа телъыджэхэм дэтхэнэми тхыдэ гъэщIэгъуэн яIэжщ. А лэжьыгъэхэм гъунэгъуу бгъэдыхьэу еплъыну, ягу ирихьхэр я щхьэм папщIэ е саугъэт щIыкIэу къащэхуну Iэмал яIэт. Удз гъагъэхэр зыгъэкIхэр яхутепсэлъыхьащ я удз лIэужьыгъуэхэм, абыхэм зэрелэжьым, зэрыкIэлъыплъым, удз гъагъэхэм я «хьэл-щэнхэм». Нобэ дунейм удз гъагъэ лIэужьыгъуэу 260-м щIигъу тетщ. Ахэри зыбжанэу зэщхьэщокIыж. Языныкъуэхэр жыг пэлъытэщ. СурэткIэ е видеокIэ фIэкIа узримыхьэлIэ къэкIыгъэ телъыджэхэри щыIэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щыIэщ кIуэдыж лIэужьыгъуэхэри.

Фестивалым хыхьэу, абы и хьэщIэхэм къыхузэрагъэпэщащ киногъэлъэгъуэныгъэхэр, художникхэм я мастер-классхэр, концерт гукъинэжхэр. Псом хуэмыдэу налшыкдэсхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ Москва, Санкт-Петербург, Воронеж, Къэзан къалэхэм я Уэрам театрхэм я артистхэм я лэжьыгъэхэр. Гуащэ теплъэ зиIэ, лIыхъужь цIэрыIуэхэм я фэилъхьэгъуэхэмкIэ зызыхуэпа артистхэм ягъэлъэгъуащ гушыIэ жанрым щыщ спектакль зыбжанэ. Ахэр балигъхэми сабийхэми щIэщыгъуэ ящыхъуащ.

ФокIадэм и 8-м пщыхьэщхьэм сыхьэт 20-м фестивалыр зэхуащIыжащ Ковалёвэ Елизаветэ и джаз квартетымрэ «8 bit» кавер-гупымрэ я концерткIэ. Ар ягъэдэхащ саксофонист икIи композитор Головня Сергейрэ уэрэджыIакIуэ Синяевэ Ольгэрэ. Пшыхьым екIуэлIахэм концертыр ягу ирихьащ, загъэпсэхуащ.

Удз гъагъэхэм я фестивалыр куэдым ягу ирихьащ, дэтхэнэми Iэмал яIащ IэпщIэлъапщIэхэм я лэжьыгъэхэм зыщагъэгъуэзэну, республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ мыбдеж я нэгу зыщрагъэужьыну. Псом хуэмыдэу мы гъэм сабийхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэтщIащ, нэгузыужь джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр программэм хэдгъэхьэри, - жиIащ Налшык къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтым и унафэщI Шыхъуэстэн Оксанэ. - Гуапэщ Iуэхум гъэ къэс нэхъри зэрызиубгъур, цIыху нэхъыбэ къызэрыришалIэр. Зэхыхьэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэм къазэрыхэхъуэр, нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIахэр къызэрекIуалIэр и щыхьэтщ ар цIыхухэм ягу зэрыдыхьэм.

Хабзэ хъуауэ нэр зыгъэдахэ мы фестивалым унагъуэхэр, зэныбжьэгъухэр зэгъусэу хэтщ, республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ нэхъри зэкъуегъэувэ, гуапагъэрэ дахагъэкIэ зэдогуашэ. Зэхыхьэм екIуэлIахэм я нэгу зиужьауэ, удз гъагъэ лIэужьыгъуэхэм зыхагъэгъуэзауэ, абыхэм ятеухуауэ щIэ куэд къащIауэ зэбгрыкIыжащ. КъызэщIэпкъуэжмэ, удз гъэгъа зэмылIэужьыгъуэу 400-м нэблагъэ махуитIым ягъэлъэгъуащ. Гъэмахуэр зэрырагъэжьэж фестивалыр куэдым гукъинэж зэращыхъунум шэч хэлъкъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Бжьыхьэ пасэм пэджэжу

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ щыIэ галереем къыщызэIуахащ «Дахагъэр зи псэм хэлъхэр» гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэныр.

МЫБЫ утыку къыщрахьащ республикэм и сурэтыщI пажэхэм я лэжьыгъэхэри, ныбжьыщIэхэм ящIахэри. Абы ущеплъыфынущ Аккизов Керим, Тураев Рустам, Иуан Рустам, Хьалил Миланэ, ХьэцIыкIу Миланэ, Дзэгъэл Iэуес, Смуровэ Элеонорэ, Аханов Александр сымэ я лэжьыгъэхэм. Бжьыхьэ пасэм и къеблэгъэкIэм пэджэж сурэтхэмрэ инсталляцэхэмрэ щызэхэухуэнащ плъыфэ зэхуэмыдэхэр. КъызэгъэпэщакIуэхэм къыхагъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм гущIагъщIэлъ къэIуэтэкIэ зэхуэмыдэхэр къигъэлъагъуэу зэрызэхагъэувар. Сурэтхэр зэм щхъуэкIэплъыкIэщ, зэм щымщ, зэм нэжэгужэщ, зэм пшэплъ мащIэкIэ иIа пшыхьхэр уагъэлъагъу.

Аккизов Керим и лэжьыгъэхэм бжьыхьэ дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр къыхощ. Гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ абы и «Зыгъэпсэхугъуэ» инсталляцэр, «Удзхэр» сурэтхэр. Тхыпхъэхэм, плъыфэхэм, дамыгъэхэм я дунейм ухешэ ХьэцIыкIу Миланэ и «Махуэрытх щхъуантIэ» сурэт зэрыIыгъым. Макшаевэ Алия и лэжьыгъэхэм къыхощ литературэ лIыхъужьхэр. Мы гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ Брэдбери Рэй и «Къэрабэхэм къыхэщIыкIа шагъыр» романым абы трищIыкIа арт-тхылъыр. Сокъур Каринэ гукъыдэжыр зэриIэт Iэмалщ плъыфэхэмкIэ IэкIуэлъакIуэу къызэрыдэпсалъэр. Хьалил Миланэ игъэлъагъуэ «Iэуэлъэуэншагъэ» зыфIища сурэт гупым щызэщIэжьыуэркъым плъыфэ щхъуэкIэплъыкIэхэр, атIэ абыхэм гур ягъэпсэху, хуэму гупсысэм ухашэ. Дзэгъэл Iэуес «Пасэрей Налшык» зыфIища сурэтым щыдолъагъу Къэбэрдей уэрамым и зы плIанэпэ. Абы иIэщ пасэрей теплъэ: «Победа» киногъэлъэгъуапIэм, абы пэгъунэгъу унэ лъахъшэхэм, фащэ ящыгъыу уэрамым къыдыхьа бзылъхугъэхэм, шыгу зэщIэщIам кIэлъыбанэ хьэм, бжыхькIэ къэхухьа пщIантIэм щыплъагъу жыыщIыгъэ кIапсэм гупсысэхэр блэкIам яшэж. Иуан Рустам и теплъэгъуэхэр нэхъапэхэм ягъэлъагъуэу дызэмыса лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнщ - псы зэрыт банкIхэм «ириубыдащ» - зым шэIумылхэр, адрейм хы Iуфэм зэрыIут вакъэ, ещанэм псыIэфI щIыIэхэр.

Къалэм и щытыкIэр, зыщIыкIэр, щIэрэщIэкIэр икIи зыгъэфIэкIэр уэзыгъэлъагъу сурэт къыхэщыпыкIахэрщ гъэлъэгъуэныгъэм щызэхуахьэсар. Гъуазджэм и дуней щэхукIэ бжьыхьэм хыхьэну гукъыдэж зиIэхэр галереем фрагъэблагъэ фокIадэ мазэр и кIэм нэблэгъэху.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан нэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.471
Заказыр №1930
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Нэр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.